



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOJÈ YO FINANSE ATRAVÈ INISYATIV REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE LA YO NAN OSWEGO

Sis Pwogram Pral Kòmanse Ap Prèske 400,000 Dola nan Finansman Eta a

Investisman an ap Konplemanje Inisyativ “Central New York Rising” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sis pwojè ke yo ap finanse nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI) nan Oswego. Yo te kreye inisyativ 25 milyon dola Gouvènè an pou ede 16 kominote devlope estrateji ki santre onivo lokal yo pou redwi povrete, epi ogmante opòtinite ekonomik yo pou tout moun New York yo.

“Nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan, nou ap kreye chanjman enpòtan pou fanmi ki ap travay di yo ki nan New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen espere wè travay pèmanan nou yo ki ap bay rezilta reyèl nan kominote ki gen anpil nesosite sa yo, epi mwen felisite otorite Oswego yo poutèt travay di yo ak devouman yo nan konbat rasin koz povrete nan kominote yo a.”

“Nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State nou an, nou ap bay finansman pou kominote yo ki toupatou nan eta a pou abòde pwoblèm pwovrete ki enpòtan anpil yo ki kontinye afekte lavi anpil moun New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou vle asire ke nou bay moun k ap viv nan povrete yo opòtinite ak resous yo bezwen pou ede yo mennen yon lavi ki pi estab. Investisman sa nan pwogram rediksyon povrete yo nan Oswego yo pral bay opòtinite ekonomik ki ogmante pou abitan yo epi ede pi plis efò nou ap fè yo pou devlope rejyon New York Santral lan.”

Byen rapid apre ke Gouvènè an te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan an 2016, Albany, Binghamton, The Bronx, Buffalo, Elmira, Hempstead, Jamestown, Newburgh, Niagara Falls, Oneonta, Oswego, Syracuse, Troy, Utica ak Watertown te vin rejwenn Rochester nan devlope fòs entèvansyon lokal yo pou kapab sipèvize efò yo epi administre finansman eta yo.

Inisyelman, fòs entèvansyon sa yo te travay pou idantifye zòn ki gen gwo nesosite yo epi devlope rekòmandasyon pou investisman ak lòt chanjman pou redwi kantite moun ki ap viv nan povrete yo. Kounye a, fòs entèvansyon yo ap kòmanse mete sou pye plan

rediksyon povrete yo ke yo te devlope nan premye faz lan, apati itilizasyon fon ESPRI an.

Sis pwogram ke yo te apwouve pou jwenn finansman nan Oswego yo se:

- **Konsèy sou Alkolis ak Adiksyon nan Konte Oswego (County of Oswego Council on Alcoholism & Addictions), 55,000 dola** - Yo pral anboche de espesyalis angajman konpayon ki sètifye a tan pasyèl pou elaji asistans nan kominote a pou kliyan yo ki ap jere eksès dozaj, vizit nan sal ijans yo ak lòt enkyetid sou sante ki ijan yo. Espesyalis yo pral mobil epi disponib pou rankontre ak moun ki nan kominote a pou ka konekte yo ak tretman abi sibstans, menm jan ak sèvis fizik ak sante mantal yo.
- **Victory Transformation, 26,000 dola** - Yo pral itilize finansman an pou bay asistans lojman ak anplwa tranzisyonèl pou moun ke yo konsidere ke yo pa ka anboche yo nan yon sistèm travay tradisyonèl. Gwoup ke yo sible pou yo desèvi yo gen pami yo benefisyè asistans piblik alontèm yo, moun ki ap reounen nan kominote yo apre ke yo soti nan prizon, moun ki an rekiperasyon pou adiksyon yo, ak moun ki gen pwoblèm sante mantal yo.
- **Oswego County Opportunities, 162,000 dola** - Pou amelyore aksè a pwogram yo, yo pral itilize yon espas nan Midtown Plaza pou kreye yon santral kominotè pou founisè sèvis pou abitan ki gen revni fèb yo, sa ki ap pèmèt aksè ki fasil a sipò global nan transpò, swen timoun, travay ak lekòl. Santral lan pral gen ladan aktivite devlopman mendèv yo pou ede prepare moun pou anplwa, menm jan ak avoka famiyal yo pou travay ansanm ak fanmi elèv yo ki te enskri nan Pwogram Apre Lekòl Oswego yo (Oswego After School Program) pou kapab fè yo vin pi angaje nan edikasyon pitit yo.
- **Oswego Health, 27,000 dola** - Yon pwogram pataj vwayaj pou anplwaye Oswego Health yo pral ede transpòte moun ki pa gen mwayen transpò ki adekwat yo, ki ka souvan anpeche efò pou ale nan epi kenbe yon travay. Efò a gen ladan tou yon pwogram “fòmè sante” (health train) pou ka fòmè nouvo anplwaye pou travay klinik ak sa ki pa klinik yo, itilize fougònèt lan pou transpòte moun nan sesyon fòmasyon yo.
- **Literacy Coalition, 22,000 dola** - Yo pral òganize yon pwojè “One District, One Book” (Yon Distrik, Yon Liv) nan klas K-5 ki nan Distrik Eskolè Vil Oswego a (Oswego City School District) pou ede kreye yon kominote ki edike apati pratik lekti. Pwojè a vize bay chak elèv, fakilte ak manm pèsònèl ak yon liv gratis pou ankouraje elèv yo pratike lekti byen fò yo lakay yo ak paran yo, ede ankouraje yon pasyon pou lekti pandan ke pandan ke yo ap demontre yon konpreyansyon de valè alfabetizasyon a domisil pou paran yo.
- **Fulton/Oswego Salvation Army (Lame Sovtaj Fulton/Oswego), 101,000 dola** - Inisyativ Wout Lespwa a pral bay asistans alontèm pou fanmi yo ki an difikilte pou rive entèwonp sikl povrete a. Yo pral bay yon seri sèvis, ki ap fè fas a chomaj, lojman ki pa estab, edikasyon ak swen pou timoun, pami lòt bagay yo, pou asire ke paran ki plis an danje yo konekte ak estrateji ki baze sou evidans yo ki pral amelyore fonksyonman global fanmi an.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare, “Baryè pou simonte povrete yo inik pou chak kominote epi yon konsevwa apwòch yo jenere onivo lokal sa yo pou reponn a bezwen chak kominote yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te devlope yon modèl k ap responsabilize lidè lokal yo pou yo reponn a koz fondamantal povrete yo nan fason ki pi efikas la”.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Gouvènè Cuomo rekonèt ke pou kominote yo pwospere, nou dwe bay rezidan ki gen mwens chans yo resous ki pou ede yo. ESPRI bay yon bourad a sila yo ki ap soufri anba men povrete yo, ki an retou ap ranfòse lyen kominotè yo, bay rezidan yo yon sans fyète, epi ankouraje kwasans alafwa anndan ak an deyò chak lokalite. Sa yo se gran pwogram ki pral ede pote yon kad ekonomik ekitab pou nou tout ka pwospere”.

Kowòdonatè Ant Ajans Òganizasyon San Bi Likratif yo Fran Barrett te deklare, “ESPRI kontinye efò reyisi Gouvènè Cuomo ap fè pou l takle koz fondamantal povrete yo ak inegalite revni yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te responsabilize Nouyòkè ki gen revni fèb yo pou yo konsevwa estrateji pou retire baryè ki anpeche yo atenn mobilite ekonomik ak sosyal yo. Sa a se yon moman pou grand kontantman paske sitwayen Oswego yo ap travay ansanm pou yo jwenn rezilta tanjib. Pwojè inik pou chanje sistèm lan yo te lanse jodi a yo se bèl egzanp ki montre travay k ap fèt atravè eta a yo nan toule 16 lokalite ESPRI a yo. Nou ap aplodi travay lidèchip lokal Oswego lan ap fè yo epi nou paka tann pou n wè enpak ke efò sa a pral genyen sou lavi fanmi Oswego lan yo”.

Senatè Patty Ritchie te deklare, “Li enpòtan anpil pou nou kontinye envesti nan òganizasyon yo ki gen yon rejis ki pwouve nan ede sila yo ki an difikilte pou konble nesesite yo. Apati finansman sa a, nou ap asire ke gwoup sa yo--ki gen rejis sa a--ka kontinye gen yon enpak pozitif sou Konte Oswego apati swen sante, sipò lojman, rechèch travay, sekirite ekonomik ak plis ankò. Tout moun merite gen opòtinite pou yo ka reyisi epi mwen fyè pou mwen envesti nan òganizasyon sa yo, pwogram yo ak avni nou”.

Manm Asanble Will Barclay te deklare, “Li enpòtan pou nou entèwonp sikl povrete a ki nan kominote nou yo epi abòde faktè sa yo ki gen yon enfluyans sou li. Sis pwojè ke yo te chwazi yo pou resevwa finansman nan Vil Oswego sou Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State Gouvènè a yo vize zòn sa yo ki gen yon enpak sou povrete lokalman epi bay resous edikatif ak sipò dirèk pou ka bay moun ak fanmi yo mwayen. Mwen konnen ke Vil Oswego ak òganizasyon kominotè lokal yo te travay di nan kreye plan sa a epi mwen kontan pou mwen wè yo akòde finansman Eta a”.

Prezidan Lejislati Konte Oswego a, Shane Broadwell te deklare, “Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan ap sipòte pwogram ke yo dirije nan kominote a, ak plan ki ap konbat defi espesifik yo ke fanmi yo ak rezidan yo ap fè fas a yo nan Konte Oswego. Pwogram ki te resevwa finansman yo deja ap amelyore lavi anpil abitan Oswego, epi ak envestisman sa a òganizasyon sa yo pral kapab bay opòtinite a plis moun. Nou rekonesan anvè Eta a ak Gouvènè Cuomo poutèt finansman pou pwojè sa yo ki pral kontinye ede sila yo ki nan kominote nou an ki plis nan bezwen yo”.

Majistra Oswego, William J. Barlow Jr., te deklare, “Reyisi konbat povrete sa enpòtan anpil pou reyisit Vil Oswego epi ak sipò Gouvènè Cuomo ak finansman ESPRI a, nou kapab kreye epi pote divès pwogram ki ka fè yon diferans pozitif epi ede sila yo ki nan kominote nou an ki plis bezwen li. Objektif nou se pou itilize finansman sa a pou administre inisyativ yo ki ap ekipe moun yo ak konpetans ke yo bezwen pou yo ka entèwonp sikl povrete a, etabli konfyans ak endepandans epi mete yo sou yon wout otonomi pou ke yo ka leve tèt yo soti nan povrete epi pwospere”.

Direktris Egekitif Oswego County Opportunities lan Diane Cooper-Currier te deklare, “Nou kontan anpil pou nou kòmanse ak travay sa a nan abòde neseseite nouvo revni nan Vil Oswego a. Finansman an atravè Inisyativ Povrete Empire State Gouvènè an ap bay yon gwo opòtinite pou reyalize pwojè ki inik pou neseseite abitan ki gen revni fèb yo ki nan Vil Oswego”.

Inite Kowòdinasyon San Bi Likratif (Nonprofit Coordination Unit) Gouvènè a, ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), ak Ekip Sibvansyon ak Refòm Eta New York la (New York State Grants and Reform Team), te òganize plizyè sesyon ekout atravè eta a ane pase, pou diskite sou mizajou yo ak pwogram ESPRI Gouvènè a, reponn kesyon yo, epi konekte ak gouvènman lokal la ak founisè san bi likratif yo ak gwoup biznis yo. Rès kominote ESPRI yo tout nan divès faz devlopman ak adaptasyon rekòmandasyon lokal yo, epi yo prevwa anonse plan rediksyon povrete endividyèl yo nan mwa ki gen pou vini yo.

Akselere “Central New York Rising”

Anons jodi a vin konplete pwojè “CNY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi pase 4.7 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)